

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) méthode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Éta hal luyu jeung pamadegan Sugiyono (2012, kc. 3) nu nyebutkeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara panalungtik dina ngumpulkeun data. Lian ti éta nurutkeun Siswantoro (2010, kc. 55) nyebutkeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun panalungtik dina matotoskeun pasualan anu ditalungtikna. Cindekna mah méthode panalungtikan téh nyaéta hiji cara anu digunakeun ku panalungtik dina prosés matotoskeun masalah panalungtikan.


Patali jeung pamarekan kualitatif, méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitik. Nurutkeun Ratna (2012, kc. 53) méthode déskriptif analitik mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis fakta-fakta hasil panalungtikan. Cindekna mah méthode déskriptif analitik téh mangrupa cara medar pasualan-pasualan faktual anu satuluyna bakal dianalisis sacara teleb.

Méthode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan, miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis hasil panalungtikan mangrupa pedaran struktur carita nurutkeun tiori Robert Stanton ngawengku: téma; fakta carita; jeung sarana-sarana sastra. Satuluyna, dina ieu hal ngadéskripsikeun ogé hasil analisis citra wanoja dina aspék citra diri anu ngawengku: citra fisik jeung citra psikis, sarta citra sosial anu ngawengku: kalungguhan wanoja di kulawarga jeung kalungguhan wanoja di masarakat.

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kualitatif. Nurutkeun Bogdan jeung Taylor dina Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 1) pamarekan kualitatif nyaéta salasihiji prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif dina wangun lisan jeung tulisan. Ieu hal luyu jeung pamadegan Emzir (2016, kc. 3) yén panalungtikan kualitatif téh mangrupa déskriptif, data anu dikumpulkeun dina wangun tulisan atawa gambar, lain dina wangun angka. Dina pamarekan kualitatif, panalungtik bisa nangtukeun subjek jeung maluruh pasualan anu karandapan di sabudeureunana (Rurchan dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 1).

3.2 Désain Panalungtikan

Hal anu mimiti dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta nangtukeun rarancang panalungtikan, nu sok disebut ogé *desain* panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 90) *desain* panalungtikan nyaéta rarancang anu rék dilakukeun panalungtik dina prosés panalungtikan. *Desain* ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1 *Desain* Panalungtikan

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Aya dua téhnik dina nyangking data panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2005, kc. 62) téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu paling stratégiis dina panalungtikan pikeun nyangking data. Ku kituna panalungtik kudu apal kana téhnik ngumpulkeun data, sabab upama panalungtik teu apal kana téhnik ngumpulkeun data moal meunangkeun data anu nyumponan standar nu ditetepkeun. Loba hal anu bisa dilakukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan.

Kegiatan ngumpulkeun data mangrupa hal anu penting dina prosés panalungtikan (Siswantoro, 2010, kc. 73). Ieu kegiatan nangtukeun kualitas hasil jeung eusi panalungtikan. Ku kituna dina prosés ngumpulkeun data kudu dilakukeun kalayan taliti.

Téknik nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka. Ieu téknik dipaké dina ngumpulkeun data jeung nganalisis data sarta néangan sumber tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Cara ngalarapkeun ieu téhnik nyaéta macaan sumber data nu mangrupa roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi jeung sumber data lianna anu raket patalina jeung ulikan struktural sarta féminisme idéologi.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta.

- 1) Maca roman pondok *Pileuleuyan*
- 2) Maluruh téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), sarta sarana sastra (judul jeung puseur sawangan) dina roman pondok *Pileuleuyan*.
- 3) Maluruh citra diri wanoja (citra fisik jeung citra psikis) dina roman pondok *Pileuleuyan*.
- 4) Maluruh citra sosial (citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat) dina roman pondok *Pileuleuyan*.
- 5) Nyalin kana kode data sangkan data leuwih babari diolah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina panalungtikan kualitatif digunakeun téhnik ngumpulkeun data sarta ngolah data, nu aya dina sababaraha sumber data (Sugiyono, 2015, kc. 87). Hartina, sanggeus panalungtik ngumpulkeun data léngkah satuluyna nyaéta ngolah data. Nurutkeun Moleong dina Djaelani (2013, kc. 85), téhnik analisis data mangrupa prosés dina ngaruntuykeun data dumasar kana pola, katégori, jeung sajabana. Aya sawatara léngkah anu bisa dilakukeun dina ngolah data. Nurutkeun Miles jeung Huberman dina Djaelani (2013, kc. 85-86) léngkah anu dilakukeun saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik obsérvasi, wawancara, atawa dokuméntasi;
- 2) Réduksi data, nyaéta prosés milih, museur kana data anu baris ditalungtik;
- 3) *Penyajian* data, nyaéta informasi data anu geus ditalungtik dumasar kana sawatara katégori;
- 4) *Kacindekan*, nyaéta pedaran singget tina data anu baris dikumpulkeun.

Dumasar kana léngkah-léngkah nganalisis data nurutkeun Miles jeung Huberman, ieu di handap dijelaskeun sawatara léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan.

- 1) Milih karya sastra anu rék ditalungtik tuluy niténan kana data anu geus kakumpul.
- 2) Nyieun papasingan data, dumasar pamarekan struktural jeung féminisme.
- 3) Nganalisis struktur carita kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), sarta sarana-sarana sastra (judul jeung puseur sawangan) dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi;
- 4) Nganalisis citra diri wanoja ngawengku citra fisik jeung citra psikis dina roman *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi;
- 5) Nganalisis citra sosial ngawengku citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat.
- 6) Ngadéskripsikeun jeung nafsirkeun kana sakabéh data anu kapanggih dina roman pondok *Pileuleuyan*.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan maké téhnik analisis. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap baris didadarkeun léngkah-léngkah téhnik analisis data.

1) **Téhnik Analisis Struktur Roman Pondok *Pileuleuyan***

Analisis anu mimiti dina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis struktur roman pondok *Pileuleuyan*. Struktur dianalisis dumasar kana tiori Robert Stanton nyaéta téma, fakta carita jeung sarana-sarana sastra. Ku kituna anu baris dianalisis nyaéta:

- a) Téma;
- b) Fakta carita anu ngawengku galur, palaku/watek, jeung latar;
- c) Sarana sastra anu ngawengku judul jeung puseur sawangan.

2) **Téhnik Analisis Citra Diri Wanoja dina Roman Pondok *Pileuleuyan***

Analisis ieu aspék nyaéta ku nganalisis jeung ngadéskripsikeun citra diri wanoja anu kagambar dina tokoh wanoja. Citra diri wanoja anu dianalisis nyaéta:

- a) Citra fisik wanoja;
- b) Citra psikis wanoja.

3) **Téhnik Analisis Citra Sosial dina Roman Pondok *Pileuleuyan***

Analisis anu pamungkas dina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis jeung ngadéskripsikeun citra sosial anu kagambar dina tokoh wanoja dina roman pondok *Pileuleuyan*. Citra sosial anu dianalisis nyaéta:

- a) Citra wanoja di kulawarga;
- b) Citra wanoja di masarakat.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Siswanto (2010, kc. 73) instrumén mangrupa alat anu digunakeun pikeun nyangking data. Sacara umum anu biasa digunakeun nyaéta *teks, interview, observasi* atawa *angket*.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Makéna kartu data nyaéta pikeun ngumpulkeun data nu aya sangkan babari dipikaharti. Kartu data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil analisis tina struktur roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi, citra diri wanoja ngawengku citra fisik jeung citra psikis sarta citra sosial ngawengku citra wanoja di kulawarga, jeung citra

wanoja di masarakat. Ieu di handap mangrupa conto kartu data jeung tabél anu digunakeun dina ngolah data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

1) Struktur Carita dina Roman Pondok *Pileuleuyan*

Tabél 3. 1
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Karya

No	Struktur Carita	Cutatan Carita	Kaca
1.	Téma		
2.	Galur		
3.	Latar		
4.	Tokoh/Watek		
5.	Judul		
6.	Puseur Sawangan		

2) Citra Diri Wanoja dina Roman Pondok *Pileuleuyan*

Tabél 3. 2
Instrumén Ngumpulkeun Data Citra Diri Wanoja

No	Fokalisator	Palaku	Citra Diri	Cutatan	Kaca

3) Citra Sosial dina Roman Pondok *Pileuleuyan*

Tabél 3. 3
Instrumén Ngumpulkeun Data Citra Sosial

No	Fokalisator	Palaku	Citra Sosial	Cutatan	Kaca

3.4.2 Instrumén dina Ngolah Data

1) Struktur Carita dina Roman Pondok *Pileuleuyan*

Gambar 3. 1
Conto Kartu Data Struktur Carita

Kartu Data Analisis Struktur (Téma, Galur, Palaku, Latar, Judul, Puseur Sawangan)		
1. Kode Data	:
2. Struktur Carita	:
3. Cutatan Carita	:
4. Analisis	:

Conto Analisis Struktur Carita dina Roman Pondok *Pileuleuyan*

Gambar 3. 2
Conto Analisis Struktur Carita

Kartu Data Analisis Struktur (Téma)	
1. Kode Data	: SC/1/1/5/2
2. Struktur Carita	: Téma
3. Cutatan Carita	: <i>Leng manéhna mikir deui sajongjongan. Tapi teu kebat. Nepi ka harita ogé can luas nangtukeun putusan. Pikiranana anu tadi geus gilig, pagétréng deui jeung haténa anu rumegag.</i>
4. Analisis	: Nilik kana sababaraha kajadian jeung pasualan anu remen muncul dina ieu carita, kapaluruh téma ngeunaan ayana sikep nu teu luas dina nangtukeun hiji kaputusan, utamana patali jeung kaayaan anu digambarkeun ku palaku wanoja.

Pengkodean data di luhur dumasar kana unsur nu dianalisisna. Sangkan leuwih jéntré, katerangan *pengkodean* data baris didadarkeun ieu di handap.

Kode data : **SC/1/1/5/2**

Keterangan : Kode SC nuduhkeun struktur carita

Kode 1 nuduhkeun analisis téma

Kode 1 nuduhkeun kana runtuyan data

Kode 5 nuduhkeun kaca cutatan carita

Kode 2 nuduhkeun paragraf

Kode dina struktur carita nyaéta (1) téma, (2) galur, (3) latar, (4) tokoh, (5) judul, jeung (6) puseur sawangan dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi.

2) Kartu Data Citra Diri Wanoja dina Roman Pondok *Pileuleuyan*

Gambar 3. 3

Conto Kartu Data Citra Diri Wanoja

Kartu Data Citra Fisik Wanoja			
1. Kode Data	:	
2. Ngaran palaku	:	
3. Gambaran Fisik	:	
4. Analisis	:	

Kartu Data Citra Psikis Wanoja			
1. Kode Data	:	
2. Ngaran palaku	:	
3. Gambaran Psikis	:	
4. Analisis	:	

Conto analisis citra diri wanoja dina roman pondok *Pileuleuyan*.

Gambar 3. 4

Conto Analisis Citra Diri Wanoja

Kartu Data Citra Fisik Wanoja			
1. Kode Data	:	CW/1/2/6/2	
2. Ngaran palaku	:	Lili	
3. Gambaran Fisik	:		
<p><i>Prak lukisan téh dititénan deui sabagian-sabagian. Pengheulana niténan panonna: cureuleuk, hirup, némbongkeun watek jelema binékas. Tapi bulupanon kurang écés, henteu kagambarkeun carentikna. Irungna, najan henteu pati bangir ogé matak lucu, merenah saluyu jeung keureutan rarayna anu ngadaun seureuh. Jeung ah éta mah biwirna, ipis leutik, turta heureut deuih, rupana semu ambucuy beureum.</i></p>			
4. Analisis	:		
<p>Nilik kana gambaran fisik anu aya dina ieu carita. Kapaluruh citra fisik anu difokalisasikeun ku pangarang nyaéta Lili salaku palaku anu sampurna, ngagambarkeun palaku anu geulis jeung nyari.</p>			

Pengkodean data di luhur, dumasar kana citra wanoja nu dianalisisna. Sangkan leuwih jéntré, katerangan kode data baris didadarkeun ieu di handap.

Kode Data : CW/1/2/6/2

Keterangan : Kode CW nuduhkeun kana analisis citra wanoja

Kode 1 nuduhkeun kana citra diri wanoja

Kode 2 nuduhkeun kana runtuyan data

Kode 6 nuduhkeun kana kaca tina cutatan carita

Kode 2 nuduhkeun kana paragraf

3) Kartu Data Citra Sosial dina Roman Pondok *Pileuleuyan*

Gambar 3. 5

Conto Kartu Data Citra Sosial

Kartu Data Citra Sosial		
1. Kode Data	:
2. Ngaran palaku	:
3. Gambaran Sosial	:
4. Analisis	:

Conto analisis citra sosial dina roman pondok *Pileuleuyan*.

Gambar 3. 6

Conto Analisis Data Citra Sosial

Kartu Data Citra Sosial	
1. Kode Data	: CW/2/3/11/2
2. Ngaran palaku	: Lili
3. Gambaran Sosial	: <i>Sapopoé leuwih sering numpi di imah, arang langka liar, ari karesepna kana maca.</i>
4. Analisis	: Nilik kana gambaran sosial anu aya dina ieu carita. Kapaluruh ayana citra sosial anu difokalisasikeun ku pangarang nyaéta kalungguhan tokoh Lili di kulawarga salaku wanoja anu bageur, teu ngalakukeun hal-hal anu teu paruguh nyaéta manéhna leuwih resep macaan buku anu aya mangpaatna.

Pengkodean data di luhur, dumasar kana citra wanoja nu dianalisisna. Sangkan leuwih jéntré, katerangan kode data baris didadarkeun ieu di handap.

Kode Data : CW/2/3/11/2

Keterangan : Kode CW nuduhkeun kana analisis citra wanoja

Kode 2 nuduhkeun kana citra sosial

Kode 3 nuduhkeun kana runtuyan data

Kode 11 nuduhkeun kana kaca tina cutatan carita

Kode 2 nuduhkeun kana paragraf

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.5.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagemblengna eusi carita roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi wedalan Kiblat Buku Utama, citakan kadua taun 2014, kandelna 53 kaca. Salian ti éta, data anu ngarojong kana ieu panalungtikan di antarana buku sumber, artikel, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu aya patalina jeung ulikan struktural sarta kritik féminis idéologis.


3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Siswanto (2010, kc. 72) sumber data mangrupa subjek panalungtikan anu baris dianalisis. Subjék panalungtikan sastra nyaéta téks-téks dina roman atawa novel, novelet, carpon, drama, jeung puisi. Ari nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data panalungtikan nyaéta subjék anu dipaké pikeun data panalungtikan.

Data nu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita dina roman pondok nu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana sastra (judul jeung puseur sawangan). Salian ti éta, maluruh ogé citra wanoja dina sababaraha aspékna nyaéta citra diri wanoja (citra fisik jeung psikis) sarta citra sosial (citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarkat).

3.5.2.1 Idéntitas Roman Pondok Pileuleuyan

Judul	: <i>Pileuleuyan</i>
Pangarang	: Yus Rusamsi
Medal	: Citakan ka-1 taun 1966 Citakan ka-2 taun 2014
Penerbit	: PT Kiblat Buku Utama
Kandel Buku	: 53 kaca



Gambar 3. 7
Jilid roman pondok *Pileuleuyan*

Roman pondok karya Yus Rusamsi anu judulna *Pileuleuyan* nyaritakeun hiji guru awéwé anu ngaranna Lili. Salian ti jadi guru manéhna sok resep kana kurung-karang pikeun ngeusi waktu kosong di imahna. Lili téh salaku wanoja anu hadé rupa tapi manéhna hésé meunangkeun jodo anu cop jeung lelembutanana. Dicaritakeun Lili kungsi bogoh ka hiji lalaki, tur lalakina bogoheun deuih ka manéhna. Tapi lantaran bapana kalibet perkara ngajual barang-barang nagara, kabogohna ngarasa wirang, tuluy waé megatkeun hubungan jeung manéhna.

Sanggeus éta, tuluy Lili panggih deui jeung lalaki anu luyu jeung angen-angenna, nyaéta batur lawas nu geus jadi palukis. Ngan hanjakal geus boga anak-pamajikan. Sanajan si palukis balaka yén geus ngarasa cocog jeung manéhna lantaran boga cita-cita anu sarua. Tapi ahirna Lili mutuskeun moal narima éta lamaran, sabab manéhna ngarasa teu ngeunah meunang kabagjaan bari ngaburantakeun kulawarga batur.

Ieu karya dianggap cocog dijadikeun objék panalungtikan, hususna ditalungtik maké kritik féminis idéologis anu museur kana opat aspék nyaéta citra fisik, citra psikis, citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat.

3.5.2.2 Biografi Singget Yus Rusamsi

Yus Rusamsi babar kaping 12 Agustus 1934 di Lebakwangi, Kuningan. Ngajalankeun kahirupan anu produktif, salian ti jadi pangarang, anjeunna ogé jadi guru, rédaktur, jeung palukis anu kasohor. Sabada tamat ti SGB, Yus neruskeun sakolana ka ASRI (Akademik Seni Rupa Indonesia) di Yogyakarta (tamat taun 1960).

Anjeunna kungsi nulis rupa-rupa tulisan di antarana artikel, ésai, jeung kritik, utamana nulis ngeunaan seni rupa jeung kasenian umumna. Dimedalkeun ku majalah *Kiwari*, *Warga* sarta surat kabar *Sipatahoenan* dina taun 1950-an.

Dina taun 1963 anjeunna eureun ngajar lantaran hayang konséntrasi dina dunya kurang-karang jeung penerbitan. Tulisan-tulisanna ngeunaan kasenian dibukukeun anu judulna *Srangéngé*. Yus Rusamsi ogé nulis sajak, carpon, jeung roman dina *Manglé* jeung surat kabar *Sipatahoenan*. Karya wangun carpon jeung roman anu kungsi dimuat dina taun 1964 nyaéta *Parawan jeung Dedemit*, *Pileuleuyan*, *Wilujeng énjing*. Tuluy aya ogé *Dédéh* anu medal taun 1966 jeung roman *Randa Béngsrat* dina taun 1965.

Ti taun 1965-1967 Yus Rusamsi digawé dina dunya jurnalistik, anjeunna jadi rédaktur *Mingguan Sunda* (tuluy jadi *Majalah Sunda*). Satuluyna ngadegkeun jeung nerbitkeun buku-buku Sunda. Sabada eureun dina dunya kawartawanan, Yus tuluy aktif deui ngalukis bari mantuan K. H. Qomaruddin Shaleh jeung H. A. A. Dahlan anu keur nyusun tarjamah Al-Quran dina basa Sunda (*Al-Amin*, terbit taun 1971). Taun 1971, manéhna kungsi jadi rédaktur penerbit Pustaka Jaya. Tuluy jadi diréktur penerbit Pustaka Jaya ti taun 1986-1991.

Sabada eureun tina dunya penerbitan, Yus leuwih réa nulis dina basa Indonésia, lolobana carita barudak atawa rumaja. Kungsi deuih nulis carita Sunda buhun tina basa Indonésia, upamana *Demung Kalagan*, *Nyi Sumur Bandung*, jeung sajabana.

Sapanjang tilu dékadeu, Yus leuwih museurkeun kagiatanana di dunya ngalukis. Sababaraha kali Yus ngayakeun paméran babarengan jeung palukis lian umpamana Popo, Nana Banna, jeung Syahri (Sumber tina buku roman pondok Yus Rusamsi “Pileuleuyan” (2014) dimedalkeun ku Kiblat Buku Utama).